

PIDATO PENGUKUHAN GURU BESAR:

PESAN MODERASI BERAGAMA DALAM WÈWÈKAS DAN IPAT-IPAT SUNAN GUNUNG DJATI

Prof. Dr. H. Wawan Hernawan, M.Ag

Assalamu'alaikum wr.wb.

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ
أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ
وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا رَسُولُ اللَّهِ
اللَّهُ غَايَتُنَا وَالْإِخْلَاصُ مَبْدُونَا
وَالْإِصْلَاحُ سَبِيلُنَا وَالْمَحَبَّةُ شِعَارُنَا
نُعَاهِدُ اللَّهَ عَلَى الصِّدْقِ وَالْإِخْلَاصِ
وَالْيَقِينِ وَطَلَبِ رِضَى اللَّهِ فِي الْعَمَلِ
بَيْنَ عِبَادِهِ بِالتَّوَكُّلِ عَلَيْهِ
بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ. بِسْمِ اللَّهِ وَلَا حَوْلَ
وَلَا قُوَّةَ إِلَّا بِاللَّهِ الْعَلِيِّ الْعَظِيمِ.

Amma Ba'd:

1. Anu dipireueus tur dipupusti, Direktur Jenderal Pendidikan Islam Kementerian Agama Republik Indonesia;
2. Anu dimumulé tur dipiajrih, Ketua sareng Sekretaris Senat UIN Sunan Gunung Djati Bandung;
3. Anu dipihéman tur didama-dama, Rektor miwah para Wakil Rektor UIN Sunan Gunung Djati Bandung;

4. Anu dipiasih tur dianti-anti, Wawakil Tim Representatif MURI;
5. Para Guru Besar rawuh *wadia balad* Senat UIN Sunan Gunung Djati Bandung;
6. Direktur Pascasarjana miwah Para Dekan UIN Sunan Gunung Djati Bandung;
7. Para Kapala Biro, Ketua Lembaga, Wakil Dekan, miwah para Koordinator UIN Sunan Gunung Djati Bandung;
8. Pini sepuh, ulama, dzuamma, tokoh pamarêntah, tokoh masyarakat, miwah hadirin undangan kum teu diwiji-wiji, mugia rahmat Allah lumungsur kanggo urang sadayana. *Aamiin.*

Taya kecap bubuka anu merenah diteda, iwal ti munjung ka Allah Nu Maha Agung. Puja anu ngajantenkeun panghias rasa, mangga urang sanggakeun ka Allah *Azza wa Jalla*. Puji anu ngajantenkeun pangeusi ati, mangga urang baktikeun ka Allah *Rabbul Izzati*. Rasa syukur anu ngajantenkeun panolak takabur, mangga urang tujukeun ka Allah *Rabbul Gofur*. Salawat miwah salam mugia salamina tetep dilimpahkeun ka panutan urang sadaya Kanjeng Nabi Muhammad Saw.

Hadirin anu sami linggih, hormateun pribados ...

Purwa wiwitan ieu pamuka carita, ti payun seja ngahaturkeun sewu nuhun laksa keti kabingahan ka *panata calagara* anu parantos maparin waktos ka pribados geusan mintonkeun pangaweruh dina gelaran Panén Raya Guru Besar Jilid 2 UIN Sunan Gunung Djati Bandung taun 2022. Widang élmu anu dipuhit, *Sajarah Peradaban Islam*. Babasan, padika

pagawéan lamun nangtung ka jungjunan, sing lulus bantun jeung tumbu buah seureuhna.

Pa Dirjen miwah Ketua Senat sakalih ...

Paguneman anu seja diguar, ngeunaan: *Pesen Moderasi Beragama Dina Wèwèkas sareng Ipat-Ipat Sunan Gunung Djati*, hasil panalungtikan tina wangun buku *Sajarah Peteng: Sajarah Ranté Martabat Tembung Wali*, hasil alih aksara sareng alih bahasa Mukhtar Zaedin saparakanca. Naskah asli dianggit dina aksara Arab Pegon bahasa Jawa Cirebon bihari, titelna: *Sajarah Peteng: Sajarah Ranté Martabat Tembung Wali Tembung Carang Satus-Sajarah Ampél Rembesing Madu Pastika Padané*.

Jinis panalungtikan anu dianggé nyaéta kualitatif non-hipotetis kalawan tahapan-tahapan dina ugeran panalungtikan filologi, anu ngawengku: inventarisasi naskah, déskripsi naskah, transliterasi, tur tarjamahan.

Kecap pesen atanapi disebut oge amanat, numutkeun *Kamus Besar Bahasa Indonesia (KBBI)*, nyaéta: *kahiji*, paréntah, naséhat, paménta, anu ditepikeun ngalangkungan jalma lian; *Kadua*, pesen hartosna kecap panungtung (naséhat, wasiat) ti jalma anu sakedap deui perlaya. Kecap moderasi asalna tina basa Latén *moderatio*, hartosna henteu kaleuleuwihi sareng henteu sarwa kurang. Lajeng kecap moderasi disandingkeun sareng kecap beragama, mibanda makna: sawangan, sikep, kalawan tingkah paripolah anu siger tengah, numuwuhkeun prinsip adil, saimbang, tur nanjeurkeun komitmen kabangsaan, sabar, anti pacengkadan, turta ngarumat budaya sorangan. Kecap *wèwèkas* hartosna pesen atanapi naséhat, sareng kecap *ipat-ipat* hartosna

larangan atanapi hal-hal anu hamo ulah dipilampah, sabab bakal mawa balukar cilaka pikeun anu ngahaja migawéna.

Pa Rektor anu didama-dama,

Kandjeng Sinuhun Sunan Gunung Djati ngalangkungan *wèwèkas* sareng *ipat-ipat* parantos ngawincik anu diimplik-implik dina *pupuh Pangkur* dangding kahiji tug dumugi keopat welas. Unggelna kahartos, “Dina wanci manjing ka sore, di puncak Gunung Amparan Jati, kempel para wali, pangeran Panjunan, sarta *durriyah* Sunan Gunung Djati. *Kandjeng Sinuhun* ngadawuh: Ki lanceuk sakalih, neda panyaksén ti sadayana, yén kula seja wasiat pikeun sakumna katurunan kula: (1) Kudu hormat ka karuhun; (2) Kudu hormat ka kolot; (3) Kudu nyaah ka sasama; (4) Haté kudu dipapaés ku pinuh rasa syukur; (5) Kudu sabar na ibadah; (6) Kudu handap asor; (7) Kudu mibanda sifat (p. 28) pinuji; (8) Ulah ngukut kagoréngan; (9) Kudu mibanda pangaweruh nu alus; (10) Kudu bisa nyengker amarah; (11) Ulah resep padu jeung pabéntar paham; (12) Ulah goréng sangka kana hal anu can yakin; (13) Ulah ngabohong; (14) Ulah sulaya kana jangji; (15) Lamun aya bahaya kudu dipastikeun; (16) Kudu takwa ka Alloh; (20) Kudu hormat ka pusaka; (21) Kudu bener-bener jadi mukmin sajati; (22) Kudu ngamumulé sémah; (23) Raray kudu marahmay; (24) Salawasna kudu waspada; (25) Ulah sok neunggeul beungeut; (26) Ulah nginum saméméh hanaang; (27) Ulah dahar saméméh lapar; (28) Ulah saré saméméh tunduh; (38) Ulah nganyerikeun haté; (39) Ulah nganyerikeun hate mu'min; sareng (40) Upama aya anak incu kaula nganyerikeun haté jalma mu'min, ulah panjang umur. *Sakitu.* ”.

Anggota Senat hormaten pribados...,

Tina patang puluh *wèwèkas* sareng *ipat-ipat* Sunan Gunung Djati, saparantos ditalungtik tur disaliksik, ngawengku salawé

wèwèkas sareng lima welas *ipat-ipat*. Eusina 7 naséhat ngeunaan sawangan, sikep, kalawan tingkah paripolah hubungan manusa ka Alloh (*hablun min Allah*), sareng 33 amanat ngeunaan sawangan, sikep, kalawan tingkah paripolah hubungan ka sasama (*hablun min An-nas*). Boh ngeunaan *hablun min Allah*, sumawona *hablun min An-nas*, eusina kebek ku nasehat sangkan hirup aya dina siger tengah, moderasi beragama pingaraneunnana.

Bapa miwah ibu hadirin sakalih ...

Moderasi beragama sanés ngamoderatkeun agama, da agama mah ti dituna parantos moderat. Moderasi beragama sanés alat pikeun ngadéétkeun agama, da déét rawuh jerona agama mah gumantung kana kaimanan sareng katakwaan séwang-séwangan. Malah moderasi beragama cumeluk ka sakumna warga bangsa sangkan ngabeungkeut kaimanan masing panceg, kukuh, tur kuat. Mung kahadé sabada mibanda iman anu panceg, kukuh, tur kuat. Ulah udar tina pamadegan, sikep, kalawan tingkah paripolah anu siger tengah, numuwuhkeun prinsip adil, saimbang, nanjeurkeun komitmen kabangsaan, sabar, anti pacéngkadan, turta salawasna ngarumat budaya sorangan.

Bapa miwah ibu hadirin sakalih ...

Sateuacan nutup catur mungkas carita pribados seja ngahaturkeun sewu nuhun laksa keti kaajrih tina luhung manah ka para pihak sakalih anu parantos séba tanaga, emutan, tur banda dumugi ka lumangsungna ieu gelaran kalawan lancar, mugia Allah ngabales ku kasae anu langkung payus.

Kalih perkawis, seja ngahaturkeun sewu nuhun ka para guru anu parantos ikhlas ngawuruk pribados, di UIN Sunan Gunung Djati Bandung, di UIN Imam Bonjol Padang, katut di Universitas Padjadjaran, kum sadayana teu diwiji-wiji.

Kalih perkawis, seja ngahaturkeun sewu nuhun kana lenggah sumping ka ieu gelaran, khususna ka Bunda Dra. Hj. Titin Hunaenah Nisrinati, MM. (wawakil ti kulawarga Yayasan Daarul Amanah), Teteh Dra. Erni Isnaeniah, MSi miwah Ananda Falya Alifa Ihyana, S.H.Int. (wawakil ti kulawarga H.O. Djaoharuddin A.R.), A. Enung pun lanceuk, patani makmur ti Kertajati. Disebat makmur, sanes ku pakayana loba turta sawahna lega. Namung pun lanceuk mibanda adi-adi; “pribados” parantos nyangking profesor, oge pun adi, De H. Iwan Dirwan ngemban amanah Kepala Dinas di Kabupaten Majalengka. Kalih ti eta, murahkalih anu cikal nembe lulus S 2 program LPDP nyangking predikat pujian. Hatur nuhun Aa miwah Ade parantos lenggah sumping.

Masih aya anu kalangkung, De Dian Pramodyowati lulusan Prodi Matematika UIN Sunan Gunung Djati Bandung ayeuna ketua PKK Dinsos Majalengka, sarta guru di SMK Angkasa Kertajati, katut pun adi, Aqil M.A. Basyunie pangjejer di Yayasan Daarul Amanah.

Ka cawéné bébéné pamépés haté, Ihah Ash-Shobiechatul Khoiriyyah, hatur nuhun parantos nganteurkeun ayah dugi ka palih dieu. Mugia tetep jembar manah, turta solehah. Dinda Khairunnisa Hernawan anaking, mugi anjeun oge tiasa nurutan ayah ku jucung sakola, masing inget pesen Uu (Mbah K.H. Abdullah Yasin Basyunie): “Di mana bae, iraha bae, lamun henteu ngajar, nya diajar”.

Sakitu anu kapihatur, saninten buah saninten, dibawa ka parapatan. Hapunten abdi hapunten, samudaya kalepatan. Gunung Guntur-gunung Guntur, jalanna ka Sukajadi. Sakitu nu kapihatur, waktosna parantos dugi. Bobot sapanon tarang sapakan, bilih aya catur nu teu kaukur, carita nu kurang reka, neda agung cukup lumur neda jembar hampurana.

Wallahul muwafiq ila aqwaamit thariq, billahit-Taufiq wal-hidaayah, wallahul-musta'an, Ihdinash-shirathal mustaqim, wallahu 'alam bi al-shawab. Wassalamu'alaikum wr. wb.